



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 80 MILYON DOLA NAN QUEENS

*Kira a bay 139 inite lojman abòdab ak sipò nan Jamaica*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti The Kira, yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki koute 80 milyon nan Jamaica, Queens. Sa te gen ladann yon biling ki fèk konstwi, ki gen 21 etaj pou itilizasyon miks ak 139 inite lojman abòdab ak sipò, ki enkli ladan 69 lojman ak sèvis sipò.

"Lojman sipò se yon eleman enpòtan nan travay nou an pou asire ke tout Nouyòkè yo gen yon kote ki an sekirite, abòdab pou yo rele lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kira a pral bay fanm ki te fè fas ak sitiyasyon sanzabri ak vyolans domestik aksè fasil pou jwenn sipò ak sèvis yo bezwen epi merite pou yo bat pi bon lavi pou tèt yo ak pitit yo."

The Kira konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab, ak estab. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras ak kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlope pa New Destiny Housing, BFC Partners ak SMJ Development, The Kira a gen ladan 38 inite estidyo, 64 inite ki gen yon chanm ak 37 inite ki gen de chanm, enkli yon inite yo mete apa pou yon sipè-entandan biling sou plas. Yo pral mete apa yon total 32 inite ki gen yon chanm ak 37 inite ki gen de chanm pou sivivan vyolans domestik yo ki gen revni ki nan 40 poustan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi ba. Yo mete rès inite yo apa pou fanmi ki nan 80 poustan oswa mwens nan AMI an

Ekipman yo enkli yon sal lwazi pou timoun, yon sal kondisyònman fizik, enstalasyon lesiv ak espas pou aktivite deyò. Pwojè a gen plis pase 5,000 pye kare espas pou vann an detay nan premye etaj la. Genyen tou yon sal kominotè devwe ak biwo pou pwogram sipò sou plas ak anplwaye lojman sipò.

Konsepsyon ak karakteristik Kira ki efikas an enèji a satisfè Sètifikasyon Konpayi Kominote Ekolijik (Enterprise Green Communities) yo epi ak Estanda obligatwa Sètifikasyon Ekolojik ak Enèjetik Ajans Finans Lojman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a.

Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la ap bay 1.7 milyon dola chak ane nan finansman fonksyònman pou sèvis sipò yo atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la.

Finansman Eta pou The Kira enkli 19.2 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyón fiskal, Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb yo ki pral jenere 26.1 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 29 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te envesti plis pase 11.49 milyon dola nan biling pou plizyè fanmi pou kreye oswa prezèv plis pase 42,300 lojman ak apatman abòdab nan Vil New York. Gen prèske 4,000 ladan yo nan Queens

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Pou fanmi yo ki kounye a rele 139 apatman abòdab sa yo lakay yo, Kira a vo pi plis pase yon envestisman byen imobilye 80 milyon dola. Avèk yon apatman ki estab ak abòdab ak aksè ak sèvis sipò kikapab chanje lavi, rezidan yo pral kapab konsantre sou pwòp byennèt yo epi tann nouvo opòtinite ak siksè alavni. Ansanm ak Gouvènè Hochul, New Destiny Housing ak lòt patnè nou yo, nouvo devlopman sa a se rekòmandasyon angajman nou pataje pou sante ak sekirite Nouyòkè parèy nou yo."

**Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Lè nou bay lojman an sekirite, abòdab ki asosye ak aksè fasil ak sèvis sipò, pwojè sa a montre efò kontinyèl nou pou n rezoud pwoblèm sanzabri atravè Eta New York. The Kira pral san dout gen yon efè pozitif non sèlman sou lavi moun k ap viv la, men sou tout kominote a, epi nou felisite New Destiny ak lòt patnè nou yo pou finisman avèk siksè li a."

**Direktè Egzekitif New Destiny Housing Ian, Nicole Branca, te deklare,** "Viktim vvolans domestik yo oblige souvan chwazi ant viv nan sitiysyon danjere oswa vin sanzabri. Bèl nouvo biling sa a pral pèmèt 69 fanmi sanzabri ki dirije pa sivivan vvolans domestik vin an sekirite epi kòmanse rebati lavi pa yo. Epi sèvis nou yo ki enfòme sou twomatiz sou plas pral ede sivivan yo rete an sekirite ak estab nan nouvo kay yo. Nou remèsiman patnè pwojè SMJ Development ak BFC Partners, ak finansè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York ak Wells Fargo, ansanm ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ki pèmèt nou bay sipò pou sivivan yo epi asire lwaye yo abòdab."

**Juan Barahona, Direktè, SMJ Development, te deklare,** "Gran ouvèti The Kira a se akimilasyon ane pèseverans atravè yon kantite obstak endetèmine. Sa yo pal an konparezon ak sa kèk nan rezidan nou yo te andire nan pouswit lojman san danje,

abòdab, pèmanan. Mwen fyè dèské m te jwe yon wòl pou fè pwojè sa a vin yon reyalite ansanm ak BFC Partners ak New Destiny. Mwen konnen efò kolektif nou yo te abouti ak yon azil enpòtan ki sekirize nan anba lavil Jamaica."

**Donald Capoccia, Direktè Prensipal, BFC Partners, te deklare**, "Antanke yon pwomotè ki gen yon istwa long nan angajman pou loje popilasyon ki pi vilnerab Vil New York yo, mwen vrèman enb pou m gade nouvo rezidan The Kira yo demenaje pou vin nan yon bon jan kalite apatman ki an sekirite ke yo kapab fyè pou yo rele lakay yo. Espwa ekip devlopman divès nou an se ke The Kira a sèvi kòm modèl pou pwogrè alavni, pandan travay la ap kontinye loje Nouyòkè yo nan lojman ki abòdab."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418